# II. SANAAT

**Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı**

*(2022 jıl yanvar-iyun)*

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**64,9 mlrd. sum** **81,2 %**

Islep shıǵarılǵan sanaat

**7624,9 mlrd. sum** **100,4 %**

Elektr, gaz, puw penen támiynlew hám hawanı kondiciyalaw

**1113,8 mlrd. sum** **102,2 %**

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciya qılıw

**61,2 mlrd. sum** **104,6 %**

2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında 8 864,8 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, sanaat islep shıǵarıw indeksi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 100,5 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵarıwshı sanaat úlesine tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 86,0 % ti quradı.

Statistikalıq esap-kitaplar boyınsha usı jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kólemi 1011,8 mlrd. sum muǵdarında (jámi sanaat ónimleri kóleminiń 11,4 % i) bahalandı hám sanaat islep shıǵarıw indeksi ótken jılǵa salıstırǵanda 87,8 % ti quradı.

Sonday-aq, jeke isbilermenlik subyektleri hám úy xojalıqları tárepinen islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kólemi 622,5 mlrd. sum muǵdarında (7,0 procentke) esap-kitap qılındı.

Ónimler islep shıǵarıwdıń eń úlken kólemi islep shıǵarıwshı (qayta isleytuǵın) kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan bolıp, islep shıǵarıw kólemi 7 624,9 mlrd. sumdı, jámi sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı úlesi 86,0 procentti quradı.

Sonday-aq, esabat dáwirinde, jámi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kóleminde elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw xızmet túri boyınsha 1 113,8 mlrd. sum (jámi sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi 12,6 %), suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciya qılıw xızmet túri boyınsha 61,2 mlrd. sum (0,7 %) hámde taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew xızmet túri boyınsha 64,9 mlrd. sum (0,7 %) ónimler islep shıǵarıldı.

Sanaat islep shıǵarıwdıń ósiwine elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanaları da úles qostı, olardıń jámi sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı úlesi 12,6 % ti quradı.

**Yanvar-iyun aylarında sanaat islep shıǵarıw kólemi hám ósim páti**




**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı**

**7 624,9 mlrd. sum**
- **Islep shıǵarıwshı sanaat *(jámidegi úlesi 86,0 %)***

**1 113,8 mlrd. sum**
- **Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawani kondiciyalaw *(12,6 %)***

**64,9 mlrd. sum**
- **Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew *(0,7 %)***

**61,2 mlrd. sum**
- **Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciyalaw *(0,7 %)***

## Yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| | mlrd. sum | | Fizik kólem indeksi % | Jámine salıstırǵanda úlesi, procentte | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2021 j. | 2022 j. | | 2021 j. | 2022 j. |
| **Ekonomikalıq xızmettiń ayrıqsha túrleri boyınsha sanaat ónimleri islep shıǵarıw kólemi** | **8 297,4** | **8 864,8** | **100,5** | **100,0** | **100,0** |
| *ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha:* | | | | | |
| **Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew** | **41,2** | **64,9** | **81,2** | **0,5** | **0,7** |
| *olardan:* | | | | | |
| Taw-kán sanaatınıń basqa tarawları | 38,8 | 58,9 | 41,1 | 0,47 | 0,6 |
| Jabıq usılda qazıwǵa texnikalıq járdem kórsetiw | 2,4 | 6,0 | 198,3 | 0,03 | 0,1 |
| **Qayta islew sanaatı** | **7 128,1** | **7 624,9** | **100,4** | **85,9** | **86,0** |
| *sonnan:* | | | | | |
| Azıq-awqat ónimleri, ishimlikler hám temeki ónimleri islep shıǵarıw | 989,4 | 1 114,9 | 104,3 | 11,9 | 12,6 |
| Toqımashılıq ónimleri, kiyimler, teri hám oǵan tiyisli ónimler islep shıǵarıw | 926,3 | 1 319,5 | 104,6 | 11,2 | 14,9 |
| Aǵash hám qalqı buyımları, paqal hám toqıw ushın materiallardan jasalǵan buyımlar, qaǵaz hám qaǵaz ónimleri, mebeller islep shıǵarıw | 58,7 | 67,9 | 117,2 | 0,7 | 0,8 |
| Jazılǵan materiallardı basıp shıǵarıw hám sáwlelendiriw | 2,4 | 6,8 | 384,0 | 0,03 | 0,07 |

| | mlrd. sum | | Fizik kólem indeksi % | Jámine salıstırǵanda úlesi, procentte | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2021 j. | 2022 j. | | 2021 j. | 2022 j. |
| Ximiyalıq ónimler, rezina hám plastmassa ónimler islep shıǵarıw | 4 740,0 | 4 739,6 | 99,0 | 57,1 | 53,5 |
| Koks hám neftti qayta islewshi ónimlerdi islep shıǵarıw | 2,6 | 17,8 | 525,0 | 0,03 | 0,2 |
| Tiykarǵı farmacevtika ónimleri hám prepuwatları islep shıǵarıw | 16,9 | 16,5 | 77,9 | 0,2 | 0,2 |
| Basqa metall emes mineral ónimler islep shıǵarıw | 192,4 | 259,7 | 121,4 | 2,3 | 2,9 |
| Metallurgiya sanaatı | 2,1 | 1,1 | 46,2 | 0,03 | 0,01 |
| Mashina hám úskenelerden basqa, tayar metall buyımlar islep shıǵarıw | 26,4 | 33,4 | 107,4 | 0,32 | 0,4 |
| Kompyuterler, elektron hám optikalıq ónimler islep shıǵarıw | 101,3 | 0 | 0,0 | 1,2 | 0,0 |
| Elektr úskeneler islep shıǵarıw | 40,9 | 0,3 | 0,7 | 0,5 | 0,004 |
| Basqa túrlerge kiritilmegen mashina hám úskeneler islep shıǵarıw | 0,6 | 0,5 | 79,0 | 0,01 | 0,01 |
| Mashina hám úskenelerdi ońlaw hám ornatıw | 6,0 | 5,2 | 415,9 | 0,08 | 0,05 |
| Basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw | 22,1 | 41,7 | 166,2 | 0,3 | 0,4 |
| **Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw** | **1 082,9** | **1 113,8** | **102,2** | **13,1** | **12,6** |
| **Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw** | **45,2** | **61,2** | **104,6** | **0,5** | **0,7** |

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 64,9 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 0,7 procentin quradı.

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler túri boyınsha tábiyiy gaz ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 30,7 procentke, hám gaz kondensatı 19,6 procentke hám kemeygenligin kóriwimiz múmkin.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat ónimlerin islep shıǵarıw**
*(jámine salıstırǵanda úlesi procentte)*




**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat ónimleri túrlerin islep shıǵarıw**
*(iri kárxanalar boyınsha)*

| | *Ólshem birligi* | *yanvar-iyun aylarında* | | *2021 jılǵa salıstırǵanda, procentte* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2021 j.* | *2022 j.* | |
| **Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew** | | | | |
| Tábiyiy gaz islep shıǵarıw | *mln.m.kb* | 1028,5 | 712,6 | 69,3 |
| Hák | *mıń tn.* | 88,2 | 123,1 | 139,6 |
| Sheben | *mıń tn.* | - | - | - |

*dawamı*

| | Ólshem birligi | yanvar-iyun aylarında | | 2021 jılǵa salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|---|---|
| | | 2021 j. | 2022 j. | |
| **Qayta islew sanaatı** | | | | |
| Alkogol ónimleri | *mıń l. 100% spirt* | 1881,1 | 1755,5 | 93,3 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı | *mıń tn.* | 63,1 | 63,2 | 100,1 |
| Makaron ónimleri hám soǵan uqsas qamırdan tayarlanǵan ónimler | *tn.* | 34,3 | 15,6 | 45,5 |
| Birinshi sortlı unnan tayarlanǵan biyday nanı, awırlıǵı 600 g. (buxanka) | *tn.* | 144,6 | 108,6 | 75,1 |
| Gúrish ónimleri | *tn.* | 1517,8 | 1827,4 | 120,4 |
| Tazalanǵan paxta may hám onıń fraksiyaları (ximiyalıq modifikatsiya qılınǵanlarınan basqa) | *tn* | 3854,7 | 1861,4 | 48,3 |
| Iri shaqlı qara mal ushın tayar jem ónimleri | *mıń tn.* | 23,7 | 23,8 | 100,2 |
| Paxta talası | *mıń tn.* | 15,0 | 19,4 | 129,0 |
| Paxta shigiti | *mıń tn.* | 23,8 | 27,7 | 116,2 |
| Paxta tiviti (lint) | *tn.* | 1272,4 | 1401,5 | 110,1 |
| Tiykarǵı organikalıq emes ximiyalıq ónimler (dinatriy karbonatı) | *tn.* | 92,4 | 102,2 | 110,5 |
| Polietilen | *mıń tn.* | 173,1 | 150,2 | 86,8 |
| Polipropilen | *mıń tn.* | 48,1 | 42,3 | 87,9 |
| **Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw** | | | | |
| Islep shıǵarılǵan elektr energiyası | *mln. kVt/s* | 2454,5 | 2797,0 | 114,0 |
| Puw hám ıssı suw (ıssılıq energiyası) | *mıń Gkal.* | 36,7 | 28,5 | 77,8 |

*dawamı*

| | Ólshem birligi | yanvar-iyun aylarında | | 2021 jılǵa salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|---|---|
| | | 2021 j. | 2022 j. | |
| **Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw** | | | | |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw xızmetleri | *mln. sum* | 29054,1 | 30752,6 | 105,8 |
| Aqaba suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám qayta islew xızmeti | *mln. sum* | 3550,9 | 4198,8 | 118,2 |

2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 7 624,8 mlrd. sumdı yaki jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 86,0 % tin quradı.

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,2 %, orta-joqarı texnologiyalı 61,7 %, orta-pás texnologiyalı 4,6 % hám pás texnologiyalı 33,5 % ti quradı.

**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵarıwdıń texnalogiyalıq quramı boyınsha islep shıǵaratuǵın sanaat quramı**



Óz náwbetinde, islep shıǵaratuǵın sanaatta ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda gurish 20,0 %, portlandcement 17,7 % ke asqan bolsa, makaron ónimin islep shıǵarıw ótken jılǵa salıstırǵanda 54,5 % ke, tazalangan paxta mayı 51,7 % ke, biyday nanı 24,9 % ke, polietilin 13,2 % ke, polipropilen 12,1 % ke, araq 6,7 % ke, kemeygenligin kóriwimiz múmkin.

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1113,8 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 12,6 %) tin quradı.

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciya etetuǵın kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimleri kólemi 61,2 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 0,7 %) quraydı.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda suwdı qayta islew hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw xızmetleriniń 5,8 % ke, aqaba suwlardı joq qılıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń 18,2 % ke asqanlıǵı gúzetildi.

**Tutınıw tovarları islep shıǵarıw**

2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında 1425,1 mlrd. sumlıq tutınıw tovarları islep shıǵarılıp, 2021 jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda ósim páti 111,6 procentti quradı. Atap aytqanda, 797,3 mlrd. sumlıq azıq-awqat ónimleri (116,0 procentke), 99,1 mlrd. sumlıq vino-araq ónimleri (91,6 procentke) hám 528,6 mlrd. sumlıq azıqlıq emes ónimler (2021 jıl yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda 109,8 procent) islep shıǵarıldı.

**Yanvar-iyun aylarında tutınıw tovarları islep shıǵarıw**

| | *mlrd. sum* | | *Jámi ónimdegi úlesi, procentte* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2021 j.* | *2022 j.* | *2021 j.* | *2022 j.* |
| **Tutınıw tovarları islep shıǵarıw** | **1229,5** | **1425,1** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | | | |
| azıq-awqat ónimleri | 751,2 | 896,5 | 61,1 | 62,9 |
| azıqlıq emes ónimler | 478,3 | 528,6 | 38,9 | 37,1 |

**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri**




**Iri hám kishi biznes subyektleri tárepinen tutınıw tovarları islep shıǵarıw quramı,**
*jámine salıstırǵanda % esabında*



**Qala hám rayonlar boyınsha sanaat islep shıǵarıw úlesleri**

Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp úlesi Nókis qalası (jámi islep shıǵarıw kóleminiń 55,6 %), Taqıyatas (13,1 %), Qońırat (4,1 %), Tórtkúl (3,9%), Beruniy (3,4 %), Ámiwdárya (3,4 %), hám Ellikqala (2,7 %) rayonlarına tuwrı keledi.

Sonday-aq, tutınıw tovarları kóleminiń eń úlken úlesi Nókis qalası (jámi tutınıw tovarları kóleminiń 18,3 %), Taqıyatas (12,9 %), Ellikqala (11,7 %), Tórtkúl (8,6 %), Beruniy hám Xojeli (7,1 %) rayonlarında islep shıǵarıldı.

**Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw tovarların islep shıǵarıw úlesleri**
*(respublika boyınsha jámine salıstırǵanda, procent esabında)*



**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında qala hám rayonlar boyınsha sanaat ónimlerin islep shıǵarıw hám tutınıw tovar kórsetkishleri**

| | *sanaat ónimleri, mlrd. sum* | *jámine salıstırǵanda úlesi, % de* | **tutınıw tovar** *mlrd. sum* | *jámine salıstırǵanda úlesi, % de* |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **8864,8** | **100,0** | **1425,1** | **100,0** |
| Nókis q. | 4925,1 | 55,6 | 260,4 | 18,3 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 299,4 | 3,4 | 85,9 | 6,0 |
| Beruniy | 298,1 | 3,4 | 101,4 | 7,1 |
| Bozataw | 11,0 | 0,1 | 7,7 | 0,5 |
| Qanlıkól | 190,1 | 2,1 | 15,3 | 1,1 |
| Qaraózek | 183,8 | 2,1 | 37,2 | 2,6 |
| Kegeyli | 89,1 | 1,0 | 23,9 | 1,7 |
| Qońırat | 362,8 | 4,1 | 69,6 | 4,9 |
| Moynaq | 87,1 | 1,0 | 20,9 | 1,5 |
| Nókis | 140,8 | 1,6 | 27,5 | 1,9 |
| Taqıyatas | 1160,6 | 13,1 | 184,4 | 12,9 |
| Taxtakópir | 176,9 | 2,0 | 57,8 | 4,1 |
| Tórtkúl | 348,2 | 3,9 | 122,4 | 8,6 |
| Xojeli | 124,4 | 1,4 | 101,2 | 7,1 |
| Shımbay | 138,5 | 1,6 | 91,6 | 6,4 |
| Shomanay | 87,9 | 1,0 | 51,7 | 3,6 |
| Ellikqala | 241,0 | 2,7 | 166,2 | 11,7 |

**Xalıqtıń jan basına sanaat ónimlerin hám tutınıw tovarların islep shıǵarıw**

| | *Islep shıǵarıw kólemi, xalıqtıń jan basına, mıń sum* | |
|---|---|---|
| | *sanaat ónimleri* | *tutınıw tovarları* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **4533,4** | **728,8** |
| Nókis q. | 14898,4 | 787,5 |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 1456,7 | 418,0 |
| Beruniy | 1504,2 | 511,7 |
| Bozataw | 504,9 | 353,5 |
| Qanlıkól | 3616,8 | 290,8 |
| Qaraózek | 3421,0 | 693,2 |
| Kegeyli | 1207,9 | 324,5 |
| Qońırat | 2723,2 | 522,7 |
| Moynaq | 2627,3 | 628,4 |
| Nókis | 2700,7 | 527,2 |
| Taqıyatas | 15330,8 | 2436,0 |
| Taxtakópir | 4348,8 | 1421,7 |
| Tórtkúl | 1569,8 | 551,6 |
| Xojeli | 987,0 | 803,1 |
| Shımbay | 1212,6 | 801,9 |
| Shomanay | 1539,5 | 904,3 |
| Ellikqala | 1458,7 | 1006,1 |

**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin hám tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemleri,**
*mıń sum*



**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında tayar ónimler, awsıq bólekler
hám materiallar islep shıǵarıwdı lokalizaciyalaw**

Tarmaqlar aralıq sanaat kooperaciyasın rawajlandırıw, tayar ónimler, awısıq bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúrin ámelge asırıw sheńberinde isbilermenlik subyektleri tárepinen 2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında 280,5 mlrd. sumlıq jergiliklestirilgen ónimler islep shıǵarıldı.

Tayar ónimler, awısıq bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw kólemlerin ósiriw boyınsha is-ilájlardıń ámelge asırılıwı, kárxanalardıń islep shıǵarıw ushın zárúr bolǵan sanaat ónimleri islep shıǵarıwınıń ósiwi hám import tovarlardı qısqartıw faktorlarınıń biri bolıp esaplanadı.

**Jergiliklestirilgen dástúriniń tiykarǵı kórsetkishleri**

| | *2021 jıl yanvar-iyun* | *2022 jıl yanvar- iyun* |
|---|---|---|
| Proektler sanı, *birlik* | 42 | 43 |
| Kárxanalar sanı, *birlik* | 36 | 24 |
| Islep shıǵarıw kólemi, *mlrd. sum* | 243,9 | 280,5 |
| Eksport qılınǵan jergiliklestirilgen ónim kólemi, *mln. AQSh doll.* | 6,3 | 3,7 |
| Jaratılǵan jańa jumıs orınları, *birlik* | 152 | 85 |

**Sırt el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanalar ónimleriniń
islep shıǵarılıwı**

Esabat dáwirinde sırt el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanalar tárepinen 5131,6 mlrd. sumlıq ónim islep shıǵarıldı. Qospa kárxanalardıń sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 57,9 % ti quradı.